

Yon bilten nouvèl Chanselye
David C. Banks voye



Aprantisaj ap kontinye andeyò salklas yo

Chè Nouyòkè,

Nan plis pase twa deseni mwen genyen nan edikasyon, mwen devlope kèk kwayans debaz sou fason elèv yo grandi, tankou aprantisajki pi enpòtan an rive souvan andeyò kat miray salklas la. Pou edikasyon an revele l enpòtan ak enteresan, elèv yo bezwen opòtinite pou angaje avèk mond ki antoure yo a.

Kwayans sa a vin nan lespri m pandan m ap reflechi sou sisyèm Semèn sivikanyèl ki te fèt 11-15 mas la. Apre semèn lan fin demare nan P721K, Brooklyn Occupational Training Center, mwen te kontinye tande mizajou sou angajman sivik enkwayab k ap fèt nan vil nou an, apati reyinyon elèv ak otorite lokal ki eli yo jiska kanpay pou ekri lèt sou pwoblèm enpòtan yo. Eksperyans sa yo prepare pwochen jenerasyon an pou lidèchip sivik k ap dire tout lavi, epi pou rezon sa a, 25 distri te enskri pou jwenn resous ak fòmasyon pandan tout ane a nan Pwogram sivik pou Tout distri asosye yo.

Nan Lekòl leta Vil Nouyòk yo (NYC Public Schools) aprantisaj pratik fèt an ete a tou. Nou fèk lanse aplikasyon Summer Rising nou an (plis pase yon mwa davans jan sa te konn fèt, pou bay fanmi yo plis tan pou planifye). Sa pral fè nou katriyèm ane yon apre lòt nan pwogram lan, ki ofri aprantisaj ete gratis, sennesof ak amizan pou 110,000 elèv ki nan klas K-8yèm ane kounye a. Elèv nan Summer

Rising pwofite tout sa vil la gen pou l ofri, vizite mize, pak, aktivite espò, ak enstitisyon kiltirèl. Peryòd aplikasyon an ap fèmen 25 mas—konsa [pou jwenn plis enfòmasyon ak pou aplike](#) jodi a!

Kit elèv ou a te enskri pou vote pandan Semèn Sivik la kit l ap konte jou pou Summer Rising lan rive, mwen envite w poze l kesyon sou tout sa l ap aprann—ni sou biwo l ni aprann andeyò salklas yo.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn "CC". Klike sou ikòn "Setting" epi chwazi "Subtitles/CC" ("soutit/CC"). Seleksyone "Auto Translate" ("Tradiksyon otomatik") epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).